

CenterWell ACE

Fich enfòmasyon sou sèvis telemedsin

Nou ba ou fich enfòmasyon sa a pou w ka pran yon desizyon eklere sou konsantman w pou sèvis telemedsin. Fich sa a gen ladann enfòmasyon ki gen pou wè ak plan epi ospyon komunikasyon, pwogramasyon nan vizit yo, kontak nan vizit yo, pwotokòl ijans ak limit nan sèvis telemedsin—sa yo rele tou "sante a distans," "sante mantal adistans," "terapi adistans," oswa "sikoloji adistans." Konsantman pou sèvis telemedsin lan gen ladann enfòmasyon adisyonèl ki gen pou wè ak prestasyon ak ris, vi pri ak sekirite ak fason pou w anile konsantman pou sèvis telemedsin.

Plan ak opsyon komunikasyon

Metòd komunikasyon yo prefere pou sèvis telemedsin se teknoloji pou konferans videoyo, ki enplike yon vizit videoyo ki ale nan de sans ant ou menm ak founisè swen sante w la oswa espesyalis sante konpòtmantal ou a. Òganizasyon founisè sa a fè vizit videoyo telemedsin atravè platfòm Healow la, ki li memm bay teknoloji pou videoyo konferans ki sekirize. Aplikasyon tyès ki pa Healow ka pa sekirize konplètman oswa ka pa konfòm ak estanda HIPAA epi ka prezante ris potansyèl pou lavi prive. Ou ka gen aksè ak vizit videoyo yo nan lyen yo voye atravè mesaj tèks oswa imèl, oswa atravè kont pòtay sante w la oswa aplikasyon mobil Healow la. Si sa pa rive fèt akoz kalite videoyo a ki pa bon, vitès entènèt oswa lòt difikilte, founisè a oswa espesyalis la ap rele w pou fini vizit la. Si w pa ka aksede ak pòtay sante w la oswa aplikasyon mobil Healow la, ou dwe pale ak founisè oswa espesyalis ou a pou diskite si gen lòt opsyon ki disponib.

Ou dwe gen aksè ak yon aparèy ki ka voye mesaj tèks ak resevwa imèl ak apèl videoyo (pa egzanp telefòn, òdinatè, tablèt). Aparèy la dwe gen youn nan navigatè sa yo: Firefox, Google Chrome, Safari, oswa Opera. Ou pa ka fè vizit videoyo si w pa gen aksè ak yon aparèy epi navigatè ki apwopriye. Si w pa gen resous sa yo, yo ka pwograme yon vizit an pèsòn pou ou pito. Ou ka chwazi asiste vizit an pèsòn olye de videoyo. Ou ka mande yon vizit an pèsòn avan oswa aprè nenpòt vizit videoyo tou.

Pwograme vizit

Ou ka rele biwo espesyalis ou a oswa founisè w la, oswa fè yon demann atravè pòtay sante w la oswa aplikasyon mobil Healow la pou w mande yon vizit telemedsin.

Kontak ant vizit

Ou ka kontakte biwo espesyalis ou a oswa founisè w la si w bezwen kominike ak yo ant vizit yo. Ou pa ka kominike ak founisè a oswa espesyalis la lè w reponn yon lyen notifikasyon mesaj tèks oswa imèl yo te voye pou ba w aksè ak yon vizit videoyo. Founisè yo ak espesyalis yo pa ka wè oswa reponn okenn nan tèks ak imèl sa yo.

Pwotokòl Ijans

Nan kòmansman chak vizit, w ap di founisè a oswa espesyalis la adrès kote w ye a, pou si ta gen ijans. Founisè w la ap kontakte 911 si gen ijans.

Limit Telemedsin

Se wòl founisè a oswa espesyalis la pou l detèmine si kondisyon k ap dyagnostike epi/oswa trete an apwopriye pou rankont telemedsin. Si founisè a oswa espesyalis la detèmine yo pa kapab kòmanse oswa kontinye ba w sèvis telemedsin, y ap pwograme yon vizit an pèsòn pou ou. Si w gen panse pou w touye tèt ou oswa lòt moun, gen sentom sikotik oswa gen yon kriz sante mantal ki pa ka rezoud adistans, yo ka detèmine sèvis telemedsin pa apwopriye e ke li nesesè pou jwenn nivo swen ki pi wo.